
www.BibleForChildren.org

# Mateo 26





Mazuva
matanhatu Paseka
isati yasvika Jesu
adoenda kuBhetani
kwaigara Razaro,
waadomutsa kubva pakupfa.
Mariya adotora chiyero
chopakati nopakati
chorita yochizoro
chaidhura maninge chinoitiwa nadhi,
ndokuchizora patsoka dzaJesu
achidzipukuta nobvudzi rache, futi mumba
mese mudozara kunushira.

Zvino Judhasi Sikariyoti umwe wovanogumi novairi adoenda kuvaprista vakuru kuti aise Jesu kwavari. Ivo vadofara kunzva zvakarezvo ndokuvimbisa kumupasa mari. Nokudaro iye adotsvaga mukana udofanira wokumupandukira nawo.



Vadzidzi vadoita zvavadoraihwa naJesu, vachibva vagadzira kuja kwophasika. Zvino pavanga vachija, Jesu adotora zingwa, achiropafadza, ndokurikomora, achiripasa vadzidzi achiti, “Torai muje, wakareyu muviri wangu.” Ipopo adotora mukombe, paadopereka nhendo adovapasa, achiti, “Imwai kubva pauri mese, ndava rakareri igazi rangu rochibvumirano, rinoteurihwa vazinji kuti varegerehwe zvitadzo.”




“Simoni, Simoni, ziva kuti Sathani adopopera kukutorai kuti akuungurei kunge gorosi, asi ndidokunamatira kuti kutenda kwako kureke kukundikana, futi kana wadzodzoka pakare, simbisa abiyako.” Adoti kwaari, “Ishe, ndidozvigadzirira kuenda kutorongo futi nokutopfa pabodzi naimimi.” Jesu adoti, “Ndinokunyepa Pita, jongwe rinoriraba nasi, usati waramba katatu, kuti unondiziva.”




Zvino Jesu adoenda navo kunzvimbo inoitiwa Getsimani, ndokuti kuvadzidzi vache, “Garai pano inini ndichaenda uko konamata.” Zvino adoti, “Baba vangu, zvinhu zvese zvinokwanisika kwamuri, biritsai mukombe wakareyu kwandiri. Mbakurege kuva kuda kwangu asi kuda kwenyu.”



Saka Judhasi adotorana noboka romauto novarindi voimba yaMwari vadobva kuvatungamiri vovaphirisita novaFarisi, vadoenda kudimba racho, vanga vadotakura marambe nomwenje nozvombo. Umwe wavo adokhwapa nzeve yokuruji yomuranda womuphirisita mukuru ndokuigwata. Asi Jesu adoti, "Izvozvo zvakwana." Futi adobata nzeve yache achimuporesa.



Ipopo vadomusunga ndokuenda naye, vachimuisa kumba kwomuphirisita mukuru. Pita adovatevera ari kurefu, pavadobatidza moto pakati pochivanze vachigara vese pabodzi,
Pita adogara pakati pavo.




Umwe wovashandi vomuphirisita mukuru, hama yaiyeuye wokugwatiwa nzeve naPita, adomubvunza achiti, “Naiwe, ko handinai chere kukuona mudimba unaye?” Pakare, Pita adozviramba zvakarezvo. Kabodzi nokabodzi jongwe ridobva rarira. Adobirika achienda korira zvinosiririsa.




Zvino chaunga chavo chese chidosumuka, chichimuendesa pamberi paPirato. Pirato adomubvunza achiti, “Ndiwe Mambo wovaJudha chere?” Iye adomupindura achiti, “Ndozvawareva.” Pirato adotaura navo pakare, achida kusunungura Jesu. Asi vadodaidzira vachiti,

“Murovererei, murovererei!”



Saka adomupereka kwavari kuti arovehwe pamuchinjikwa. Saka vadotora Jesu Adobirika adotakura muchinjikwa wache, ndokuenda kunzvimbo inoitiwa Kadehenya, asi muchiHebheru ichiitiwa Gorogota.





Pakarepo vadomurovera pamuchinjikwa, pabodzi novamwe vairi, vanga vari kumativi yache, iye ari pakati pavo.



Yanga yava awa yochitanhatu, padoita rima panyika yese kusvikira paawa yochipfemba, zvichiita daipo chiedza chozuva chidodzimwa, jira romuimba yaMwari ndokukeruka nopakati.

Ipopo Jesu adodaidzira nodzinga rikuru achiti, "Baba, ndinoisa mweya wangu mumaoko yenyu!" Paadondotaura zvakarezvo adobva warosa.






Josefa woAramatiya wanga ari nhengo inoremekedzewa mudare rikuru rovaJudha, ariwo munhu wanga adomirira umambo hwaMwari, adoita chivindi chokuenda kuna Pirato achikumbira chitunha chaJesu.

Saka Josefa adoburutsa chitunha chaJesu ndokuchiputiridza nofuko raanga watenga. Adochiviga muguwa ridofongewa padombo, achibva warivhara noribhwe rikuru raadokungurutsira pamuromo parene.


Zuva ridotevera, kureva, zuva roSabata, vakuru vovaphirisita novaFarisi vadoungana kuna Pirato, vachiti, “Changamire,” tinoyeuka zvidonyaihwa nomunyengeri uyu, achiri mupenyu adoti, ‘Sure kwomazuva matatu ndichamuka kamu.’”



Saka vadoenda kochengetedza guwa ndokuisa chidhindo padombo rarene nokuisa varindi.



Zvino mumasure moSabata, mambakwedza yozuva rokuthanga rosondo, Mariya woguta roMagadhara noumwe Mariya vadoenda koona guwa. Zvino padoita kugwetedzeka kwonyika kukuru,



nokuti ngirozi yaIshe idoburuka kubva kudenga ndokuuya ichikungurutsa ibhwe racho, ndokugarikika pamusoro parene.

Nokumucha, varindi vadotetemera vachibvva vaoma muviri kunge vapfa.



Asi ngirozi idoti kuvakadzi, “Rekai kucha, ndava ndinoziva kuti muri kutsvaga Jesu wanga adorovehwa. Haapo pano, ndava wamuka, sezvaadotaura. Uyai, onai nzvimbo paanga adoradzikiwa.”



Saka vadobva paguwa nokamangu, vachicha asi vadozara nomufaro, ndokubva vatizira vachienda koudza vadzidzi vache. Ipopo, Jesu adobva wakumana navo akati, “Moroi!” Ivo vadouya vachibata tsoka dzache vachimunamata.





Pasure Jesu adozvinangidza kuno vanogumi nomubodzi vari pakuja, adovatsiura pamusoro pokusatenda kwavo noukukutu hwomwoyo yavo, nokuti havanai kutenda avo vanga vamuona mumasure mokumuka kwache. Ishe Jesu, paadopedza kutaura navo, adotohwa kuenda kudenga, kwaadogara kuruoko raMwari roruji.

Nokuti Mwari adoditsa nyika zvokutoipasa Mwanakomana wache mubodziyo, kuti wese anotenda kwaari areke kupfa, asi ave noupenyu husingapere.

VaRoma 3:23
Nokuti vese vadotadza vadoperevera kusvika pakubhwinya kwaMwari.

VaRoma 6:23
Ndava mubairo wochitema ipfa, asi chipo chaMwari, upenyu husingapere muna Khirisitu Jesu Ishe wedu.

VaHebheru 9:27
Uye zvakudotariwa kuti vanhu vapfe kabodzi, mumasure mozvakarezvo kutongewa kuchidzouya,

VaEfeso 2:8,9
Nokuti mudoponesewa nomutsa kuburikidza nokutenda, zvisingabve kwamuri, asi nzvochipo chaMwari peno, nzvomabasaba, kuti kureke kuva nomunhu anozvikudza.

VaRoma 10:9,10
Nokuti kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe pakare uchitenda mumwoyo mako kuti Mwari adomumutsa kubva kuvadopfa, uchaponesewa. Ndava unotenda nomwoyo ndokuti ururamisiwe, pakare unopupura nomuromo wako woponesewa.

Johwani 3:16,17

Nokuti Mwari adoditsa nyika zvokutoipasa Mwanakomana wache mubodziyo, kuti wese anotenda kwaari areke kupfa, asi ave noupenyu husingapere. Nokuti Mwari haanai kutuma Mwanakomana wache kuti apase murandu nyika, asi kutoti nyika iponesewe kuburikidza naye.

Johwani 5:11-13

Futi uhu ndihwo upfakazi hwokuti, Mwari adotipasa upenyu husingapere. Upenyu hwakarehu huri muMwanakomana wache. Wese ano Mwanakomana anoupenyu, asi wese asinai Mwanakomana waMwari haanai upenyu. Ndiri kunyora zvakarezvi kwamuri vanotenda muzita roMwanakomana waMwari kuti muzive kuti munoupenyu husingapere.

Mateo 26-28; Ruka 22-24; Johwani 13-21

Storyline by: Edward D. Hughes

Illustrated by: Janie Forest
and Alastair Paterson

Adapted by: Lyn Doerksen

Shona KoreKore NT (sna) The Word for The World International

https://live.bible.is/bible/SNASUV/MAT/1

©2026 Bible for Children, Inc.

www.M1914.org www.bibleforchildren.org